

Vaksinasyon Timoun



Pwoteje ak Evite

- Vaksen pwoteje timoun yo kont anpil maladi danjere, tankou lawoujòl, malmouton, tous koklich ak varisèl.
- Timoun ki pa vaksinen ka vin malad grav, oswa menm mouri, ak maladi danjere sa yo.
- Granmoun yo ta dwe toujou ajou ak vaksen yo tou pou ede pwoteje tèt yo ak lòt moun ki pa ka pran vaksen, tankou tibebe ki fenk fèt yo, moun ki ansent yo, ak moun sistèm defans yo fèb.

Sekirite Vaksen

- Vaksen yo **san danje epi yo efikas**. Pifò reyakson vaksen yo modere epi yo ka gen ladan yo doulè oswa vin wouj kote yo te bay piki a. Pale ak pwofesyonèl swen sante ptit ou sou nenpòt enkyetid.
- Vaksen yo **pa bay otis**. Etid syantifik yo pa te jwenn okenn lyen ant otis ak vaksen. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade sou sitwèb Akademi Ameriken sou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) nan aap.org epi chèche "**"parental concerns" (enkyetid paran)**".



Vaksinasyon nou Rekòmande

- Sant yo pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou timoun pran vaksen nan laj ak peryòd sa yo. Paran ak pwofesyonèl swen sante yo ta dwe swiv orè sa yo ki san danje epi ki efikas. Al gade sou sitwèb cdc.gov epi chèche "**immunization schedules (orè vaksinasyon yo)**".
- Vil New York **egzije** sèten vaksinasyon pou timoun ant 2 mwa ak 18 tan ki nan yon pwogram gadri, nan lekòl leta oswa lekòl prive. Pou jwenn yon orè vaksinasyon, ale sou nyc.gov/health epi chèche "**"student vaccines" (vaksen pou elèv yo)**", oswa tcheke ak pwofesyonèl swen sante ptit ou.
- Depi jen 2019, **yo pa otorize** egzanpsyon reliye pou elèv yo pa pran vaksen nan New York ankò.



Si wap vwayaje andeyò Etazini, tcheke avèk pwofesyonèl swen sante ptit ou a sou nenpòt vaksen ki rekòmande.

Bilten Sante

Ale sou sitwèb nyc.gov/health pou wè tout Bilten Sante yo. Rele **311** pou mande kopi gratis.

Rete Ajou

Nan Vil New York, pwofesyonèl swen sante yo dwe deklare tout vaksen yo bay timoun yo depi yo fèt jiska 18 tan nan Rejis Vaksinasyon Vil la (Citywide Immunization Registry, CIR). Pou jwenn dosye vaksinasyon ptit ou a:

- ✓ Al gade nan **nyc.gov/health** epi chèche "**CIR**".
- ✓ Rele **311** epi mande sou CIR.
- ✓ Mande pwofesyonèl swen sante ptit ou a èd.

Si yo pa ka jwenn dosye ptit ou a, mande pwofesyonèl swen sante ptit ou a pou chèche konnen ki vaksen ki nesesè.

Jwenn Swen

Gen plizyè fason pou jwenn vaksen pou ptit ou, kèlkeswa mwayen ou pou peye. Pale ak pwofesyonèl swen sante ptit ou oswa:

- Ale nan Fort Greene Health Center (pou timoun ki gen 4 tran oswa plis) oswa jwenn yon lòt sant ki bay vaksen nan zòn ou a nan **nyc.gov/health/map**.
- Jwenn yon biwo NYC Health + Hospitals nan **nychealthandhospitals.org/health_care**.
- Jwenn yon sant sante kominotè nan **findahealthcenter.hrsa.gov**.
- Rele **311** epi mande sou **childhood vaccination referrals** (referans pou vaksinasyon timoun) **school immunization requirements** (egzijans vaksinasyon lekòl).



Resous

Konekte [@nychealthy](#) [@nychealth](#) [@nychealthy](#) [nychealth](#) [nychealth](#) [nyc health](#)

Jwenn Plis Enfòmasyon Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche "**child vaccinations**" (vaksen pou timoun).

Resevwa Dènye Bilten Sante yo Voye yon imèl bay **healthbulletins@health.nyc.gov**



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradwi. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York yo.